




Kijan Pou Chwazi Yon Reprezantan (Pwoksi) Swen Sante

..... &

Kijan pou Vin Yon Pwoksi Pou Swen Sante



The Conversation Project la pou ede moun fè konnen volonte yo pou swen nan fen lavi a.

Nou te devlope **Conversation Starter Kit** an kòm yon zouti itil pou ede moun fè konvèsasyon yo ak manm fanmi yo ak moun yo renmen sou volonte yo.

Anplis de konvèsasyon an, li enpòtan pou chwazi yon pwoksi pou swen sante — moun ki pral pran desizyon pou swen medikal ou si ou vin pa kapab pran yo pou tèt ou. (Moun sa a yo rele tou yon reprezantan swen sante oswa **Pouvwa Avoka pou Swen Sante**.)

SA KI NAN DOKIMAN AN

Kijan Pou Chwazi yon Pwoksi Swen Sante 2

- **Etap 1:** KI pi bon lè pou chwazi pwoksi ou a? 3
- **Etap 2:** KI MOUN ou ta dwe chwazi kòm pwoksi swen sante ou? 4
- **Kesyon yo Poze pi Souvan**..... 6
- **Etap 3:** KOUMAN ou ta dwe prepare pwoksi ou a?..... 9

Kijan ou Ka yon Pwoksi Pou Swen Sante 11

This document does not seek to provide legal advice. ©2017 The Conversation Project. All rights reserved.

Kijan Pou Chwazi yon Pwoksi pou Swen Sante ou

Ki moun ou ta vle pran desizyon medikal pou ou si ou pa ta kapab fè yo pou tèt ou?

Yon **pwoksi pou swen sante** (ki rele tou yon **reprizantan swen sante** oswa **pouvwa avoka pou swen sante**) se moun ou chwazi pou pran desizyon pou swen sante pou ou si ou twò malad pou pran yo pou tèt ou .. Pwokirè ou ka pale avèk ou doktè, konsilte dosye medikal ou, epi pran desizyon sou tès, pwosedi, ak lòt tretman ..

Nou pa ka egzajere enpòtans pou chwazi yon pwoksi.. Twòp moun — ladan yo mwaye nan tout moun ki gen plis pase 65 lane ki entènè nan yon lopital — pa kapab pran desizyon pou tèt yo.*

*Torke AM, Sachs GA, Helft PR, et al. Scope and outcomes of surrogate decision making among hospitalized older adults. *JAMA Intern Med.* 2014;174(3):370-377.

Asire w ke ou te chwazi yon moun ou fè konfyans pou pale pou ou nan ka ou pa kapab pale pou tèt ou!

DEFINISYON YO KI ITIL

Li ka difisil pou sonje divès kalite non yo te itilize — ni pou **MOUN** ou chwazi a ak **DOKIMAN** yo ou ranpli a. Men esansyèl la:

Non MOUN yo ou chwazi a:

- **Pwoksi pou swen sante:** Moun ou chwazi pou pran desizyon pou swen medikal ou si ou vin pa kapab pran yo pou tèt ou (Frè mwen se pwoksi pou swen sante mwen.)
- **Reprezantan pou swen sante:** Menm jan ak pi wo a (Frè mwen se reprezantan swen sante mwen.)
- **Pouvwa Legal pou Swen Sante:** Menm jan ak pi wo a (Frè mwen se Pouvwa Legal pou Swen Sante mwen.)

Non DOKIMAN yo ou ranpli a:

- **Pwokirasyon pou swen sante:** Kapab TOU fè referans a dokiman legal la kote ou chwazi moun lan pou pran desizyon medikal pou ou (mwen ranpli prokirasyon swen sante mwen.)
- **Direksyon davans:** Yon tèm jeneral pou nenpòt eksplikasyon ekri sou swen ki di klèman volonte ou oswa nonmen yon pwoksi (mwen ranpli direktiv davans mwen.)

Pou kenbe li senp, nou ap itilize **“pwoksi”** ni pou **MOUN** nan ni pou **DOKIMAN** an.

Etap 1

KI LÈ ki pi bon pou chwazi pwoksi ou a?

Kòm nou di li nan The Conversation Project,
“**Li toujou twò bonè, jiskaske li twò ta.**”

Jiska laj 18 zan, paran ou oswa gadyen legal la anjeneral sèvi kòm pwoksi ou .. Men, yon fwa ou gen 18 tan, paran ou yo pa pwoksi swen sante otomatik ou ankò. **Se konsa, tout moun ki gen laj 18 tan oswa plis ta dwe ranpli yon fòm pwoksi swen sante - menm si yo santé anfòm. Si ou gen plis pase 18 tan epi ou poko chwazi yon pwoksi, lè a se kounye a!**

✓ BONÈ

Lè ou gen laj la –nan laj 18 oswa 21 lane

✓ SOUVAN

Li bon pou revize chwa ou pou pwoksi a nan kòmansman chak 10 zan — lè ou gen 20, 30, 40, 50, 60, 70...

✓ NAN YON EVENMAN LAVI ENPÒTAN

- Lè ou ale nan kolèj
- Lè ou marye oswa divòse
- Lè ou gen timoun
- Lè ou vin kalifye pou Medicare
- Lè w prale nan yon gwo vwayaj
- Lè ou fèk dyagnostike ak yon maladi grav

Fòm pwoksi swen sante yo

- Chak eta gen pwòp fòmilè pwoksi pou swen sante yo, ki disponib pou gratis. Pou plis enfòmasyon: www.caringinfo.org
- Ou pa bezwen yon avoka pou ranpli fòmilè pwoksi pou swen sante ou. Gen kèk eta ki egzijte pou gen de temwen siyen, ki di ke yo te wè ou siyen fòm lan. (Nan pi fò eta, pwoksi ou pa ka siyen kòm yon temwen.)

Etap 2

KI MOUN ou ta dwe chwazi kòm pwoksi pou swen sante ou?

Sonje: Pwoksi ou a se moun ki pral pale pou ou si ou pa kapab pale pou tèt ou.

Se pa pou tout moun ki kapab vin yon pwoksi.. Pwoksi ou a ka gen pou l pran desizyon serye, rapid nan non ou - ki gen ladan desizyon sou tretman, pwosedi, menm sou sipò pou kontinye viv. Men kèk kesyon pou ede ou reflechi ak ki moun ou ta renmen kòm pwoksi ou:

? Èske moun nan ap pran desizyon ki swiv volonte ou yo?

- Èske moun nan ap dakò pran desizyon sou non ou **menm si volonte pa li yo diferan de pa ou yo?**
- Èske moun nan ap difisil pou pran desizyon nan non ou **paske koneksyon emosyonèl li yo ak ou menm ap anpeche li ?**

CHWAZI BON MOUN NAN

Yon jèn fanm nan St Louis te vle manman l kòm pwoksi li. Men, lè li reyalize li ta ka twò di pou manman l ta nan pozisyon sa a. Konsa, li te chwazi yon zanmi pito.

? Èske moun nan ap konfòtab pale nan non ou?

- Èske moun nan ap goumen pou ou?
- Èske moun nan ap dakò poze doktè yo ak lòt founisè ki okipe yo kesyon?
- Èske moun nan ap mande pou klarifikasyon si li pa konprann yo sitiyasyon oswa yon repons?

? Èske moun nan ap bon nan pran desizyon lè sikonstans yo chanje?

Pwoksi ou ka gen pou pran desizyon ki rapid yon lè - bagay tankou “Manman ou gen nemoni. Èske ou vle nou kòmanse antibiyotik?” Oswa “Frè ou a pa kapab pran manje nan bouch. Ou vle nou mete yon tib pou li ka manje?” Pwoksin ou a pa bezwen yon ekspè medikal, men li ta dwe yon moun ki ka aplike valè jeneral ou yo nan sikonstans espesifik epi pran desizyon ki konsistan avèk volonte yo ou eksprime.

REMAK: Nou pa vle fè yon pwoksi parèt twò difisil. (Pèsonn moun pa wè li fasil pou entèwonp yon doktè ki okipe epi mande l pou li repete sa ankò, tou dousman!) An menm tan, li enpòtan pou konsidere kilès ki gen kalite yo ou bezwen an lè lè a rive.

? KI MOUN ki te kapab yon bon chwa pou pwoksi ou??

- Manman/Papa
- Konjwen /Patnè/Madam/Mesye
- Pitit Gason/Pitit Fi
- Sè/Frè
- Zanmi
- Lòt

Kesyon yo Poze pi Souvan

? E si mwen vle chwazi plis pase yon sèl moun pou te pwoksi mwen?

Li jeneralman rekòmande pou pa chwazi de moun pou sèvi kòm co-pwoksi - paske si yo dakò, sitiyasyon an ka vin konplike. Regleman sa yo varye selon eta a: kèk eta pèmèt ou genyen co-pwoksi, epi kèk eta limite ou pou gen yon sèl nan yon peryòd.

Nan tout eta yo, ou ka nonmen yon lòt proksi si pwoksi prensipal ou an pa kapab sèvi. Se yon bon lide pou nonmen yon lòt proksi..

? E si mwen pa vle chwazi yon manm fanmi?

Pafwa moun yo santi yo oblije pou chwazi moun yo marye a, oswa timoun ki pi gran yo - menm lè yo pa panse moun sa a se chwa ki pi bon an pou respekte volonte yo. **Pa gen pwoblem si ou vle chwazi yon moun ki pa yon manm fanmi ou-** menm si fanmi ou pat dakò nan yon premye tan.

REMAK: Asire ou ke ou di fanmi ou davans ki moun ki pwoksi ou. Ou ka di, *"Mwen te chwazi [zanmi m'] paske li pral kapab pale pou mwen san konfli mosyonèl manm fanmi mwen ka santi."* Menm si li kreye tansyon, li pi bon pou yo pou yo konnen kimoun ki proxy ou anvan yon kriz medikal.

DI FANMI AN ANVAN

Yon fanm nan Florid te pwoksi pou mari l. Men, timoun ki gran li yo li te fè nan yon premye maryaj anvan pa 'konnen li te chwazi madanm aktyèl li kòm moun nan pou pran desizyon. Si li te di yo sou sa a anvan, li ta pèmèt yo abitye ak lide a anvan yon kriz sante te vini.

? E si mwen pa vle mari /madanm mwen /patnè mwen kòm pwoksi?

Pafwa li difisil pou yon patnè oswa mari oswa madanm pou yon pwoksi. Pa egzanp, yo ka jwenn li twò difisil pou dakò mete fen nan tretman an pou yon moun yo renmen renmen, menm lè ou te di volonte ou trè klè. Nan ka sa a, li ta ka plis saj pou chwazi yon lòt moun.

Yon ISTWA GOLDILOCKS STORY

Yon fanm ki abite Hawaïi te vle chwazi yon pwoksi. Li te kòmanse pa mande mari l. Repons mari li a, "Mwen pa janm ta ka dekonecte w nan anyen. Mwen pral kenbe men ou pou 20 ane menm si ou pa reponn. "(Twò cho.)

Aprè sa, fanm lan mande pitit gason l lan. Repons li a, "Mwen kpnprann sa, Manman. Mwen konnen ou pa vle okenn mezi ekstrèm pou sove lavi ou. Mwen pa janm kite nenpòt moun rekonekte ou. "(Twò frèt.)

Finalman, li te mande pitit fi li. Pitit fi a reponn, "Mwen konnen sa ki enpòtan pou ou. Aprè sa, mwen konnen li depann de pronostik ou ak chans ou pou gerizon. "(Sa a bon.)

? Èske gen okenn règleman sou ki moun ki PA legalman vin pwoksi mwen?

Wi. Règleman yo varye de eta a eta, men kèk egzanp kèk restriksyon eta yo genyen sou ki moun ou ka chwazi kòm pwoksi ou:

- Ou pa ka chwazi yon moun ki poko gen laj 18 (nan Alabama ak Nebraska, anba 19).
- Si ou se yon pasyan nan yon etablisman swen sante, ou ka pa chwazi yon anplwaye ki nan etablisman an (sòf si moun nan se yon fanmi).
- Ou pa ka chwazi yon manm nan ekip k ap ba ou swen sante kounye a (doktè ou, enfimyè, elatriye.).
- **Ankò, asire w ou tcheke règleman yo nan eta ou.**

? E si mwen vle chanje pwoksi mwen an?

Pafwa moun chanje lide yo sou ki moun yo vle yo kòm pwoksi yo .. Petèt moun nan yo te chwazi deplase lwen, oswa relasyon an chanje - oswa pou nenpòt ki rezon, moun nan pa sanble ankò tankou li se moun ideyal la pou pou fè sa.

Li ok pou chanje pwoksi ou. Si ou fè, asire ou ranpli yon nouvo fòm pwoksi epi di fanmi w ak ekip swen medikal ou de chanjman an.

Ou ka jis di, "Mwen te repanse sou sa , e mwen te vle ou konnen ke mwen te deside chanje pwoksi mwen an. Mèsì anpil, men mwen pa pral bezwen ou pran sou do w responsablite sa a pou mwen."

? E si mwen pa gen yon moun mwen ta renmen kòm pwoksi mwen?

Yon moun gen dwa pa vini nan lide w kounye a. Sonje ke pwoksi ou pa dwe nesèsman yon manm fanmi. Li ta ka yon zanmi, yon fanmi lwen, oswa yon moun nan kote ou priye.

Menm si ou pa nonmen yon moun kòm pwoksi pou swen sante ou (reprizantan ou), se yon bon lide pou konplete fòm pwoksi a (direktiv davans), lis tretman medikal ke ou ta kapab pa vle si ou te vin malad grav epi ou pa kapab fè pwòp desizyon ou yo.

DE MOUN CHWAZI YON LOT

De fanm te patisipe nan yon atelye konferans Zouti (Kit) pou Kòmanse Konvèsasyon an nan legliz yo, kote nan fen an yo te ankouraje patisipan yo chwazi yon reprizantan swen /pwoksi. Youn nan fanm yo, 32 zan laj, te gen plizyè pwoblèm sante epi li konnen li bezwen gen yon pwoksi pou swen sante. Men, li te sèl, li pa te gen okenn timoun, e li pat gen kontak ankò ak fanmi pa li. Li te santi li pa te gen okenn moun pou mande pou vin reprizantan li. Lòt la, ki gen laj 54 tran, te yon fanm sèl an sante ak de frè li te santi li pa t ka konte sou yo pou pwoksi pou swen sante epi li t ap tan pou chwazi youn pandan plizyè ane. Fanm yo souvan chita bò kote youn lòt pandan sèvis Dimanch. Yon jou, pastè yo te mande yo si yo ta ka konsidere vin yon reprizantan swen sante pou youn lòt. Youn vire gade lòt epi yo di wi.

? Èske yon prokirasyon swen sante menm jan ak yon direktiv davans?

“Direktiv Davans” se yon tèm jeneral pou nenpòt enstriksyon alekri ki espesifye volonte ou oswa chwa ou pou yon pwoksi .. Li anglobe tou de fòm pwoksi pou swen sante a ak testaman ou.. Li deklare ki tretman medikal ou vle oswa ou pa vle si ou pa kapab pran pwòp desizyon pa ou (pa egzansp, si w ta nan yon koma).

Etap 3

KOUMAN ou ta dwe prepare pou pwoksi ou a?

✔ Premyeman mande si moun lan ka jwe wòl sa a.

Kòmmanse pa mande moun nan si li konfòtab pou li pwoksi, epi lè sa a, chita pou koute repons yo. Fè sa w konnen pou reponn nenpòt kesyon yo ka genyen. Epi fè li trè klè ke sa ok pou yo refize.

Ou ta ka kòmmanse di, *“Mwen ta renmen ou kòm pwoksi pou swen sante mwen - sa vle di ou ta dwe moun ki ta pran desizyon medikal pou mwen si mwen pa kapab pran yo pou tèt mwen. Mwen pral di ou plis sou valè mwen ak objektif yo konsa ou pa pral bezwen devine yo. Kisa ou panse - èske se yon bagay ou ta santi w konfòtab pou pran sou kont ou?”*

✔ Asire ke pwoksi ou konprann responsablite li yo.

Pwoksi pou swen sante ou gen pouvwa legal - ak responsablite - pou pran desizyon medikal pou ou si ou pa kapab pran yo pou tèt ou .. Pwoksi ou ka pale ak doktè ou, konsilte dosye medikal ou, epi pran desizyon sou tès, pwosedi, ak lòt tretman.. Pwoksi ou gen dwa pou jwenn aksè konplè ak enfòmasyon medikal ou anba lwa federal sou vi prive (souvan yo rele kòm HIPAA).

Di proxy ou a ou pral pataje sa ki enpòtan pou ou, pou yo gen yon fondasyon solid pou pran desizyon. Epi ou pral asire ke tout moun nan fanmi an konnen ki moun ou te chwazi kòm pwoksi ou epi ou te diskite sa ou vle avèk yo.

✓ **Asire ke proxy ou konprann volonte ou ak chwa yo.**

Li enpòtan pou pwoksi ou vreman konprann volonte ou ak chwa konsènan swen nan fen lavi a .. Fè konvèsasyon sa yo anvan yon kriz, lè gen tan pou pale sou bagay sa yo, pral bay pwoksi ou yon fondasyon solid pou pran desizyon lè lè a va rive.

Pran yon ti tan pou w gade **Zouti pou Kòmanse Konvèsasyon an** ansanm, pale sou repons ou yo a kesyon yo ki nan Dokiman an ak preferans ou yo nan echèl mezi “Kote mwen kanpe” a. (Sa se yon bon lide pou ekri repons ou yo nan Zouti pou Kòmanse Konvèsasyon an, pou li sèvi kòm referans ak yon rapèl pou pwoksi ou ..) Anplis de sa, ou ta ka lè sa a, revize fòm direktiv davans la pou pale sou kèk senaryo medikal espesifik ak preferans ou yo. (tankou reanimasyon, tib pou ba w manje, elatriye.) .

Asire w pwoksi w la gen tout enfòmasyon nesèsè:

- Bay proxy ou yon kopi fòmilè pwoksi pou swen sante ou ak nenpòt lòt dokiman direktiv davans ou te ranpli.
- Asire ke pwoksi ou konnen non yo ak kontak enfòmasyon pou founisè swen prensipal ou (doktè) ak nenpòt lòt founisè yo.
- Asire w ke founisè swen prensipal ou (doktè) konnen non ak kontak enfòmasyon pou pwoksi ou.

✓ **Ki sa ki pi enpòtan bagay ou vle proxy ou a kenbe nan tèt ou?**

Après ou pale sou **Zouti pou Kòmanse Konvèsasyon an** ak pwoksi ou, epi pale de kèk desizyon medikal ki ka bezwen pran epi kisa ou panse de yo, sa ka itil pou fè rezime tout: “Sa ki pi enpòtan pou mwen se _____.” (Pa egzanp, *pou mwen kapab rekonèt pitit mwen yo; pou mwen ta nan lopital la ak bon jan swen enfimiyè; pou mwen kapab di orevwa a moun mwen renmen yo.*)

Kijan pou Vin Yon Pwoksi pou Swen Sante

Sonje byen:

- ✓ **Vin yon bon pwoksi vle di pale pou moun nan lè yo pa kapab pale pou tèt yo.**

Vin yon pwoksi se pa sa ou vle; se sa moun nan w ap pale pou li a vle.. Nan nenpòt sitiyasyon kote ou gen pou aji kòm yon pwoksi, mande tèt ou, *“Si li te kapab pale epi pran yon desizyon kounye a, ki sa li ta di?”*

YON SÈ K AP PALE AK FRÈ LI

“Sa a te chwa Manman nou. Koulye a, nou dwe tounen vwa li.”

- ✓ **Yon bon pwoksi se fè tout posib ou.**

Vin yon bon pwoksi pa vle di pou pi bon — se fè byen sa ou kapab fè .. Pafwa li pa posib pou swiv volonte moun nan: petèt yo te di yo vle pou yo lakay yo, men sa kapab pa fizikman, finansyèman, oswa san danje pou kite yo lakay .. Nan ka sa a, jis fè sa ki pi bon nan sa ou kapab fè “Pi bon ou ka fè se pi bon ou ka fè.”

YON LÈT YON MANMAN EKRI FANMI LI

“Si w ap fè fas ak yon desizyon ou pa pare pou li, sa ok. Mwen pral eseye fè w konnen kisa mwen ta vle pou plizyè sikonstans, men si ou jwenn yon bagay nou pa t prevwa, sa ok. Epi, si ou vini nan yon pwen nan desizyon an epi sa ou decide a mennen lanmò mwen, sa ok. Mwen pral mouri akòz maladi mwen an, oswa kò m febli oswa kèlkeswa lòt bagay la. Ou pa bezwen santi ou responsab.”

✓ E si yon moun mande ou pou vin pwoksi yo, men ou pa alèz pou di wi?

Li ok pou refize envitasyon an. Pou kèlkeswa rezon, ou ka pa santi ou ka pran sa sou do ou. Petèt ou jis pa konfòtab ak preferans moun nan. Oswa petèt ou santi tou tankou ou pa t ap kapab rive pran yon desizyon ki ta ka mete fen nan lavi yo. Oswa petèt ou jis gen twòp bagay pou pran responsablite a.

Si ou pa konfòtab pou di wi, bagay ki pi bon ou ka fè se di non byen janti pa. Montre ou onèt. Di *“Mèsi paske ou mande m - Mwen santi mwen onore. Mwen jis pa panse mwen ka fè yon bon travay kòm pwoksi ou.”*

✓ E si li pa posib pou swiv volonte yon moun?

Youn nan sityasyon ki pi di yo se lè yon moun ou renmen an fè konnen klè yon bagay li vle, men se pa yon opsyon ki posib - medikalman, finansyèman, oswa paske sipò fanmi an limite .. Petèt egzanp ki pi rive a nan sa a se lè yon moun ou renmen fè konnen klè li vle mouri nan kay la, men li pa yon opsyon posib.

Pa gen repons fasil.. Men, yon sèl bagay ou ka fè se konnen ki sa ki pi plis reprezante yon “kay” pou moun nan - epi lè sa a, fè sa w kapab pou vin pi pre ke posib. Sa ta ka vle di pote foto fanmi. Oswa yon rad li pi renmen oswa yon kouvèti li pi renmen. Oswa jwe mizik li pi renmen. Oswa mennen yon chen oswa chat nan fanmi pou yon vizit. Oswa yon manje li pi renmen.

Pou plis konsèy sou fason pou vin yon bon pwoksi, al li **Making Medical Decisions for Someone Else: A How-To Guide** — www.americanbar.org/groups/law_aging/resources/health_care_decision_making/Proxyguide.html

Yon lis verifikasyon pou vin yon bon:

□ **Asire w ke ou konprann responsablite legal ou kòm yon pwoksi.**

Kòm yon pwoksi swen sante, ou gen pouvwa legal la pou pran desizyon medikal pou moun nan si yo pa kapab pran desizyon pou tèt yo .. Kòm yon pwoksi, ou pral pale ak doktè moun ou an, konsilte dosye medikal yo, epi fè desizyon sou tès, pwosedi ak lòt tretman .. Pwoksi a gen dwa pou jwenn aksè konplè ak enfòmasyon medikal dapre lwa federal sou vi prive (souvan yo rele HIPAA).

□ **Asire w ou konprann volonte ak chwa moun ou an a.**

LI enpòtan pou pwoksi ou vreman konprann volonte ou ak chwa ou konsènan swen nan fen lavi a .. Se yon bon lide pou w gade **Zouti pou Kòmanse Konvèsasyon an** ak moun ou an, pale sou repons yo a kesyon yo ki nan Dokiman an ak preferans yo nan echèl mezi “Kote Mwen Kanpe” a. Sa se yon bon lide pou pale sou direktiv davans moun nan bay.

Fè konvèsasyon sa yo anvan yon kriz, lè gen tan pou pale sou bagay sa yo, pral bay pwoksi ou yon fondasyon solid pou pran desizyon lè lè a va rive.

□ **Montre ou konfòtab pou pale.**

Menm si doktè oswa enfimyè moun ou an nan prese, li ok pou poze kesyon. Ou ka di:

- *“Mwen ta renmen pale avè w sou volonte manman m yo.”*
- *“Mwen pa konprann sa ou fèk di a.”*
- *“Mwen gen kèk kesyon mwen ta renmen mande w. Kilè k ap pi bon pou ou?”*

Ou ta ka vle ekri kesyon ou davans, pou jis asire w ke ou pa bliye anyen.

Nan tout ka sa yo, “Zetwal pou Gide w” la pou nenpòt desizyon toujou rete menm:

Kisa moun ou an (mamnman w, mari w, bon zanmi w) vle?

Koupe kat la, pliye l, epi plastifye pou kenbe l an sekirite.

AVI POU FOUNISÈ SWEN SANTE

Mwen gen yon pwoksi pou swen sante.

Dokiman orijinal ki te siyen an nan:

Pwoksi Swen Sante mwen se:

Non _____

Adrès _____

Vil, Eta, Rejyon _____

Telefòn _____

www.theconversationproject.org

the conversation project

Siyati

Telefòn _____

Vil, Eta, Rejyon _____

Adrès _____

Non _____

INFORMASYON SOU MWEN

Kontakte Nou

VIZITE NOU

www.theconversationproject.org

IMEL NOU NAN

conversationproject@ihi.org

SWV NOU NAN FACEBOOK AK TWITTER

 @convoproject

 TheConversationProject

GORDON AND BETTY
MOORE
FOUNDATION

Resous sa a disponib akoz jenerozite Gordon and Betty Moore Foundation.

 Institute for
Healthcare
Improvement

the conversation project